**Факультатив, кружок лэжьыгъэхэмкIэ программэм и зэхэлъыкIэр.**

ЩIэблэ гъэсэнымрэ егъэджэнымрэ урок къудеймкIэ зэфIэкIынкIэ Iэмал иIэкъым.

Мыхьэнэшхуэ иIэщ урок нэужь лэжьыгъэхэм. Ар къыдгурыIуэу къызэдгъэпэщ лэжьыгъэхэм ящыщщ факультативхэр, кружокхэр, секцэхэр. Ар къызыдогъэпэщ дэ зэхэдгъэувэжа программэхэмкIэ. Мы программэм лъабжьэ хуэхъуащ «Хабзэмрэ тхыдэмкIэ» зэхэтлъхьауэ щыта тематическэ планыр.

Ди предметымкIэ урокхэр куэду пхужыIэнукъым, абы къыхэкIыу мыхьэнэшхуэ иIэщ урок нэужь-лэжьыгъэхэм. Ахэр урокым пызыщэ лэжьыгъэу щытми, ар урокым емыщхьу, еджакIуэхэр дэзыхьэх Iуэхугъуэу, абыхэм я акъылым и зэфIэкIыр езыгъэфIакIуэ лэжьэкIэу къызэгъэпэщыным хуэгъэпсащ программэр.

ЩыцIыкIум щыщIэдзауэ сабийм гурыIуэгъуэщыщIын хуейщ хабзэмрэ бзэмрэ лъэпкъым и нэщэнэ нэхъыщхьэу и хъумакIуэу зэрыщытыр.

Анэдэлъхубзэр пщIэн хуейщ жыпIэныр е псалъэуха убгъуамрэ мыубгъуамрэ зэхагъэкIыфу ебгъэсэныркъым нэхъыщхьэр, атIэ еджакIуэр гупсысэу, щIэныгъэр езым щIэныгъэр къилъыхъуэным къыхуэгъэушынырщ.

Абы папщIэ бзэым и IэфIыр зыхегъэщIэн хуейщ.. Адыгэбзэр бзэ нэхъыжь дыдэхэм зэращыщыр икIи ар зэрыкъулейр нэрылъагъу ящыпщIкIэрэщ абы зэрыдебгъэхыфынур.

Апхуэдэ мурадхэр: зэбгъэхъулIэным, сыт хэкIыпIэу иIэр?

IэмалыфI дыдэ къыдет адыгэ IуэрыIуатэм. Абы адыгэбзэм и къулеягъ псор наIуэ къыпщищI къудейкъым. Сыт и уасэ адыгэ хъуэхъу купщIафIэхэр, цIыху акъылым губзыгъагъэу зэригъэпэща псор гъуджэм хуэдэу къызэрыщ псалъэжьхэр, уэрэдыжьхэр, пшыналъэхэр сабийм и гупсысэр къэбгъэушынымкIэ.